# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में सप्तम अखिल भारतीय प्राइजमनी पुरूष कबड्डी प्रतियोगिता–दुइ हजार पचीस आ ओनहत्तरवां राष्ट्रीय विद्यालयी खेल प्रतियोगिता–दुइ हजार पचीस में ग्रीको रोमन कुस्ती प्रतियोगिता के बिजेता लोगिन के पुरस्कार दिहलें। पुरुष कबड्डी चैम्पियनसिप क बिजेता लोगिन के पुरस्कार वितरण समारोह में मुख्यमंत्री कहलें कि देस में खेल प्रतियोगिता के प्रति जागरूकता क माहौल तइयार भइल बा।

**आपने पिछले 11 वर्षों के अंदर बदलते हुए भारत को देखा है। खेल और खेल संस्कृति के प्रति आम भारतीय के मन में प्रधानमंत्री मोदी जी की प्रेरणा से जो भाव पैदा हुए हैं आज उसे मूर्त रूप लेते हुए देखा है।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद क तिरानबेवां संस्थापक सप्ताह समारोह के उद्घाटन सत्र में हिस्सा लिहलें। येह दौरान अपने सम्बोधन में श्री योगी कहलें कि महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद अपने सताब्दी बरिस के ओरि बढ़ि रहल बा। छौ सालि बाद सताब्दी बरिस समारोह मनावल जाई। मुख्यमंत्री कहलें कि ई सौ बरिस के जतरा के आत्ममंथनो क समय हवे। समारोह में राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकरण क उपाध्यक्ष आ रिटायर लेफ्टिनेंट जनरल योगेन्द्र डिमरी कहलें कि महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद अपने जड़ि के इयादि कइ के संस्थापक लोगिन क संकल्प के आगे ले गइले क कोसिस कइ रहल बा।

**********

केंद्रीय महिला अउर बाल विकास मंत्री अन्नपूर्णा देवी आजु नई दिल्ली में बाल विवाह मुक्त भारत बदे सौ दिन क गहन जागरूकता अभियान कै सुभारम्भ कइलिनि। ई अभियान बाल विवाह मुक्त भारत अभियान क पहिला सालिगिरह के उपलक्ष्य में आयोजित कइल गइल।

येह मौका पर महिला अउर बाल विकास मंत्री कहलिनि कि सरकार बरिस दुइ हजार तीस ले भारत के बाल विवाह मुक्त बनवले क लक्ष्य रखले हौ। उहां के कहलीं कि समाज, समुदायन आ नागरिकन के सक्रिय भागीदारी से देस बाल विवाह मुक्त भारत बनले के दिसा में लगतारे आगे बढ़ि रहल बा।

**हमारी संवेदनशील नीतियों और समुचित अवसरों ने उन्हें अटूट विश्वास दिया है कि आज हर बेटी की आवाज गूंज रही है। मुझे पढ़ना है, मुझे बढ़ना है और मुझे खुशी है कि सरकार, समाज और परिवार सभी मिलकर इस आवाज को मजबूत कर रहे हैं और यह शुभ संकेत है। हमें और अधिक दृढ़ता के साथ बेटियों के हित में काम करने के लिए प्रेरित कर रहा है और यह हमारे लिए बड़ी खुशखबरी है कि छत्तीसगढ़ का सूरजपुर जिला बाल विवाह मुक्त जिला बन गया है।**

**********

काशी तमिल संगमम के चउथा संस्करण क पहिला फेरा के तिसरका दिन्ने आजु तमिलनाडु से आइल एगो अउरियो समूह काशी विश्वनाथ मंदिर में दरसन–पूजन कइलस आ अन्न क्षेत्र में श्री विशेश्वर क परसादी लिहलस। एगो रिपोर्ट–

**मंदिर प्रशासन द्वारा पुष्प वर्षा और डमरू वादन की ध्वनि के बीच प्रतिनिधि मंडल का स्वागत किया गया और काशी विश्वनाथ धाम के भव्य कॉरीडोर का भ्रमण कराया गया। इस दौरान समूह धाम के ऐतिहासिक स्वरूप और स्थापत्य कला से रू–ब–रू हुआ। आज ही आयोजित एक सांस्कृतिक कार्यक्रम में सरदार वल्लभ भाई पटेल की जीवनी पर आधारित कठपुतली नाटक हिन्द के सरदार का प्रदर्शन किया गया। यह उनके जीवन पर आधारित देश का पहला कठपुतली नाटक है। इसी बीच तमिलनाडु का एक दल आज अयोध्या पहुंच रहा है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

प्रदेस भर के ओटर लिस्टि में बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर चलि रहल बा। एहमें बूथ लेवल ऑफिसर–बीएलओ सज्जो ओटरन से गणना प्रपत्र भरवा रहल हवें। एसआईआर प्रक्रिया कै मतदाता लोगिन की ओरि से बढ़ि–चढ़ि के स्वागत कइल जा रहल बा। जौनपुर क ओटर अजय यादव कहलें कि एसआईआर के जरिये लोकतंत्र मजबूत होई।

**एसआईआर का माहौल लेकर सभी लोग को अंदर से काफी खुशी है और लोग इसपे योगदान भी दे रहे हैं। जो यह पहल है बहुत बढ़िया हैं।**

**********

केन्द्र सरकार सोसल मीडिया पर प्रसारित एगो वीडियो क खंडन कइले हौ, जेहमें दावा कइल गइल बा कि नौसेना प्रमुख एडमिरल दिनेश के. त्रिपाठी ऑपरेसन सिंदूर के दौरान भइल क्षति के मंजूर करत बेयान दिहले हवें। पत्र सूचना कार्यालय क तथ्य जांच इकाई बतवलस कि ई दावा झूठ आ निराधार बा।

**********

आजु नौसेना दिवस हवे। भारतीय नौसेना क उपलब्धियन आ भूमिका के सम्मान में हर सालि चारि दिसम्बर के ई दिवस मनावल जाला। राष्ट्रपति, उपराष्ट्रपति, प्रधानमंत्री, गृह मंत्री, रक्षा मंत्री आ प्रदेस क मुख्यमंत्री येह मौका पर सज्जो भारतीय नौसेना करमियन, पूर्व नौसैनिकन आ उनके परिवारनों के सुभकामना दिहले हवें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि समुद्री सीमा क अडिग प्रहरी भइले के सथहीं मानवता क सेवा, आपदा प्रबंधन आ वैस्विक सान्ति स्थापना में अगिला भूमिका निभावे वाली भारतीय नौसेना पर सबके गर्व बा।

**********